



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ENVITE NOUYÒKÈ YO POU SELEBRE KÒMANSMAN 2023
DEYÒ AK PWOMNAD PREMÈ JOU A**

Evènman nan 100 pak eta yo, sit istorik yo, zòn bèt sovaj yo, santye kanal yo ak tè piblik yo nan Premye Jou Ane a

12èm anivèsè randone yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo pase jou ferye 1e janvye a ap jwi lanati

Gouvènè Kathy Hochul ankouraje Nouyòkè yo jodi a pou pase tan anplennè pandan sezon fèt sa a ak selebre Nouvèl Ane a nan pak Eta yo, sit istorik yo, zòn bèt sovaj yo, santye yo, ak tè piblik yo nan tout Empire State la apati 1ye janvye 2023. Pwogram Pwomnad Premye Jou (First Day Hikes) a ap ofri 100 opsyon randone diferan pou moun atravè eta a jwi.

"Pa gen pi bon fason pou kòmanse Nouvèl Ane a pase ak fanmi ak zanmi nan mitan bèlte sezon fredri a nan pak piblik nou yo ak tè eta yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak anpil Pwomnad Premye Jou a pou chwazi nan tout Empire State la, Nouyòkè yo ka pran yon repo apre rit ajite jou ferye yo epi jwenn anviwònman pafè a pou akeyi yon nouvo ane ki briyan, ak optimis."

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan Eta New York, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, ak Canal Corporation ap fè patenarya pou òganize anpil mach ak pwomnad k ap fèt nan tout eta a nan kad 12èm pwogram Pwomnad Premye Jou Anyèl la.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Pwomnad Premye Jou yo se yon tradisyon ki familyal ki ofri yon nouvo pèspektiv sezon yo nan trezò natirèl eta nou an nan ivè ak tout sa ki gen pou fèt pandan tout ane a nan Pak Eta yo. Mwen ankouraje Nouyòkè yo anbrase aktivite anplennè nan Nouvèl Ane sa ak yon randone amizan nan anviwònman panoramik ekstrawòdinè New York yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la, Basil Seggos, te deklare, "Patisipe nan nenpòt nan Randevou Premye Jou popilè sa yo se yon bon fason pou kòmanse Nouvèl Ane a epi fè eksperyans nan destinasyon anplennè New York yo."

DEC fyè pou l kreye patenarya ak Pak Eta yo pou ede Nouyòkè nan tout kategori laj ak tout kapasite pou patisipe nan tradisyon anyèl sa a k ap grandi a, ki rasanble zanmi ak fanmi yo ansanm pou jwi resous natirèl nou yo ak bèl aktivite anplennè yo."

Mach ak pwomnad yo adapte pou fanmi, epi yo nòmalmman varye soti nan youn pou rive uit kilomèt tou depann de lokal la ak kondisyon yo. Yo ap ofri plis pase 90 pwomnad nan pak eta yo, sit istorik yo, tè eta DEC yo, zòn bèt sovaj, Forè Pwoteje yo ak santye yo ak sant edikasyon anviwonmantal yo. Nouvo pou 2023, selebrasyon yo nan tout eta a ap entwodwi plis pwomnad sou Genesee Valley Greenway, New York State Birding Trail, ak kat nouvo randone nan kad pwogram On the Canals la, ki gen ladan pwomnad sou Empire State Trail la.

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Pandan n ap selebre arive yon nouvo ane a, Canal Corporation kontan anpil pou l kolabore avèk Gouvènè Hochul ak patnè eta nou yo nan 12èm pwogram Pwomnad Premye Jou anyèl la lè li ofri kat randone gide inik, ak pwomnad nèj, nan kad inisyativ On the Canals la, ansanm sistèm Kanal Eta New York la ak Santye Empire State (Empire State Trail) la. Se yon lajwa pou nou kontinye pataje opòtinite gratis pou fanmi yo ak vwayajè yo pou aprann epi fè eksperyans vwa navigab kanal yo ak santye adjasan yo nan tout glwa yo, sezon apre sezon, epi nou bat bravo pou vizyon Gouvènè a pou fè plis Nouyòkè soti deyò pou eksplòre espas piblik eta nou an."

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "Pwogram Pwomnad Premye Jou a bay yon fason dinamize pou kòmanse nouvo ane a epi li ede entwodwi plis moun nan pak Eta New York yo, sistèm kanal eta a ak lòt tè ki pwoteje, bay lide ak enspirasyon pou vwayaje pita nan ane a. I LOVE NY ankouraje rezidan yo ak vizitè yo pou vin fè pati li epi eksplòre tout mèvyè k ap tann yo nan kèk nan pi bon zòn lzqwi deyò nan peyi a isit la nan Empire State la."

Ou kapab jwenn anliy yon lis Pwomnad Premye Jou Eta New York yo, detay sou pozisyon yo, fòm, egzijans sou enskripsyon davans yo ak enfòmasyon anplis pou [Park yo](#), [DEC](#), ak [Kanal yo](#). Yo ankouraje patisipan ki entèrese yo verifye detay sou sit prefere yo a epi pou yo enskri davans kote yo egzije sa.

Kòmanse nan Massachusetts an 1992, Pwomnad Premye Jou yo kounye a se yon evènman nasyonal k ap fèt nan tout 50 eta yo. Lòt lide Nouyòkè yo pou selebre an 2023 nan zòn anplennè yo gen ladan jwenn yon pak oswa santye lokal, oswa eksplwore katye lokal yo.

Yon lis Pwomnad Premye Jou pa rejyon:

Western New York

Pak Eta Allegany - Quaker Area, Salamanca; 716.354.9101 x.232

Pak Eta Amherst, Williamsville; 716.631.7132

Beaver Island State Park, Grand Island; 716.282.5154

Forè Eta Boutwell Hill, Charlotte; 716.363.2052

Brockport Welcome Center Canal Hike, Brockport; elinden@brockportny.org
Clear Lake Wildlife Management Area (Zòn Jesyon Bèt Sovaj nan Clear Lake), North Collins; 718.851.7019
Pak Eta Evangola, Irving; 716.549.1050
Pak Eta Fort Niagara, Youngstown; 716.282.5154 (2 pwomnad)
Genesee Valley Greenway, Hinsdale; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Cuba; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Avon; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Piffard; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Nunda; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Rochester; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Scottsville; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, Fowlerville; 585.493.3614
Genesee Valley Greenway, York; 585.493.3614
Genesee Valley Park, Rochester; 585.520.9984
Pak Eta Golden Hill, Barker; 716.282.5154
Pak Eta Hamlin Beach, Hamlin; 585.964.2462
Pak Eta Knox Farm, East Aurora; 716.549.1050
Humphrey Nature Center nan Pak Eta Letchworth, Castile; 585.493.3680 (4 pwomnad)
Highbanks Picnic Shelter, Mt. Morris nan Pak Eta Letchworth; 585.493.3680 (2 pwomnad)
Park Eta Niagara Falls, Niagara Falls; 716.282.5154
Forè Eta Phillips Creek, Ward; glenngebhard@gmail.com
Reinstein Woods Environmental Education Center (Sant Edikasyon Anviwònmantal Reinstein Woods), Depew; 716.683.5959
Park Eta Whirlpool, Niagara Falls; 716.282.5154
Zoar Valley Multiple Use Area (Zòn pou Itilizasyon Miltip Zoar Valley), Collins; 440.983.0023

Finger Lakes ak New York Santral

Bowman Lake State Park/Forè Eta McDonough, Oxford; Oxford; 607.334.2718
Canalside Lock C/S-4, Waterloo; 315.659.9269
Catharine Valley Trail, Watkins Glen; 607.481.0584
Pak Eta Chenango Valley, Chenango Forks; 607.648.5251
Pak Eta Clark Reservation, Jamesville; 315.415.8377
Pak Eta Delta Lake, Rome; 315.337.4670
Sit Istorik Eta Fort Ontario, Oswego; 315.343.4711
Pak Et Glimmerglass, Cooperstown; 607.547.8662
Pak Eta Green Lakes, Fayetteville; 315.637.611
Sit Istorik Eta Herkimer Home, Herkimer; 315.823.0398
Forè Eta Lesser Wilderness, Turin; 315.376.3521
Macedon Canal Park, Macedon; 585.269.8125
Sant Montezuma Audubon (Montezuma Audubon Center), Savannah; Felicia.Paradise@dec.ny.gov
Pak Eta Newtown Battlefield, Elmira; 607.732.6287

Sant Edikasyon Anviwònmantal Rogers (Rogers Environmental Education Center),
Sherburne; 607.674.4733
Pak Eta Selkirk Shores, Pulaski; 315.298.5737
Pak Eta Seneca Lake, Geneva; 315.789.2331
Forè Eta Southville, Stockholm; 315.265.3090
Pak Eta Taughannock Falls, Trumansburg; Trumansburg; 607.387.7041 ext. 131
Pak Eta Two Rivers, Waverly; 607.732.6287

North Country/Adirondacks

Sant Entèpretif Adirondack (Adirondack Interpretive Center), Newcomb; 518.582.2000
Hadley Mountain, Forè Sovaj Wilcox Lake, Hadley; megan@adk.org
Moxham Mountain, Forè Sovaj Vanderwhacker Mountain, Minerva; 518.338.8173
Sant Entèpretif Vizitè (Visitor Interpretive Center, VIC) Paul Smith, Brighton;
518.327.6241
Pak Eta Point Au Roche, Plattsburgh; 518.563.6444
Prospect Mountain Veterans Memorial Highway Day Use Area (Zòn Itilizasyon pandan
Lajounen sou Otowout Memoryal Veteran yo nan Prospect Mountain), Lake George;
518.623.1268

Pak Eta Robert G. Wehle, Henderson; 315.938.5302
Sit Istorik Eta Sackets Harbor Battlefield, Sackets Harbor; 315.646.2321
Pak Eta Wellesley Island, Fineview; 315.482.2479

Greater Capital District

Champlain Canal Lock 5, Schuylerville; 518.583.3708
Zòn Edikasyon Enviwònmantal Five Rivers(Five Rivers Environmental Education Area),
Delmar; 518.475.0291 (3)
Pak Eta Grafton Lakes, Grafton; 518.279.1155 x2
Pak Eta Mine Kill, North Blenheim; 518.827.6111
Pak Eta Peebles Island, Cohoes; friendsofpeebles@gmail.com (2 pwomnad)
Pak Eta Saratoga Spa, Saratoga Springs; 518.584.2000 x16
Pak Eta Thacher, Voorheesville; 518.872.0800

Hudson Valley/Catskills

Catskills Visitor Center, Shandaken; 845.688.3369
Pak Eta FDR, Yorktown; 914.245.4434
Pak Eta Little Stony Point/Hudson Highlands, Cold Spring; 845.224.7207
Sit Istorik Eta John Jay Homestead, Katonah; 914.232.5651
Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska (Minnewaska State Park Preserve), Peter's Kill,
Kerhonkson; 845.255.0752
Prezèvasyon Pak Eta Minnewaska, Sam's Point, Cragmoor; 845.647.7989
Sit Istorik Eta Olana, Hudson; 518.751.0344
Pak Istorik Eta Old Croton Aqueduct, Dobbs Ferry; 646.303.1448
Panther Mountain, Slide Mountain Wilderness,
Shandaken; Peter@catskillmountainclub.org
Platte Clove Preserve, Hunter; 845.688.3369

Prezèvasyon Pak Eta Rockefeller, Pleasantville; 914.666.6503
Sit Istorik Eta Staatsburgh, Staatsburg; 845.874.0568
Pak Eta Sterling Forest, Tuxedo; 845.351.5907
Pak Eta Taconic - Copake Falls, Copake Falls; 518.329.3993
Pak Eta Istorik Walkway over the Hudson; Poughkeepsie; 845.834.2867
Forè Sovaj Willowemoc, Rockland; 845.693.4181

Vil New York ak Long Island

Pak Eta Bethpage, Farmingdale; 516.249.0701
Prezèv Pak Eta Clay Pit Ponds, Staten Island; 718-605-3970 ext. 201
Prezèv Pak Eta Connetquot River, Oakdale; Oakdale; 631.581.1005 (2 pwomnad)
Prezèv Hallock, Riverhead; 631.315.5475
Pak Eta Hempstead Lake, West Hempstead; 516.766.1029
Pak Eta Jones Beach, Wantagh; 516.785.1600
Pak Eta Montauk Point, Montauk; 631.668.5000
Mt. Loretto Unique Area, Staten Island; 718.313.8591
Zòn Konsèvasyon Ridge (Ridge Conservation Area), Ridge; 631.444.0350
Pak Eta Shirley Chisholm, Brooklyn; 212.866.3100
Pak Eta Sunken Meadow, Kings Park; 631.269.4333

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418